

Nim. 202.53

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, epi an plis, avèk dokiman sa a, mwen ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa enstwiksyon yo, ke yon enstwiksyon annapre pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202.22 rive nan 202.26, epi ki enkli Dekrè Egzekitif 202.32, eksepte pou pwovizyon lwa ki otorize pwolongasyon peman enpo lavant ak itilizasyon yo san sanksyon Komisè Fiskalite ak Finans lan, 202.33, 202.34, ak 202.35 ki nan Dekrè Egzekitif 202.44 la ak Dekrè Egzekitif 202.45 lan jiska 20 dawout 2020:

**AN PLIS DE SA**, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon eta ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 20 dawout 2020:

- Enstwiksyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.45, ki te pwolonje pwovizyon lwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.3, 202.4, 202.5, 202.6, 202.7, 202.8, 202.10, 202.11, 202.13, 202.14, 202.28, 202.31, 202.34, 202.35 ak 202.41, ki yo chak te fèmen oswa otreman limite biznis prive oswa piblik oswa espas akomodasyon piblik yo, epi te pèmèt rejyon yo rantre nan Katriyèm Faz reyouvèti Eta a depi yo respekte endikatè prensipal yo preskri pou sante ak sekirite piblik ke Deptaman Sante (Department of Health) te etabli yo, avèk dokiman sa a, li ap kontinye jiskaske epi amwens ke pi devan yo vin amande oswa pwolonje yo pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti, a kondisyon ke apati dat 20 jiyè 2020 yo konsidere rejyon Vil New York la kòm yon rejyon ki te respekte endikatè prensipal yo preskri pou sante ak sekirite piblik ki nesèsè pou endistri ki nan Katriyèm Faz yo ka retounen ouvri, a kondisyon ke an plis, sepandan, pati komen anndan sant komèsyal acha an detay yo ak kote ki gen èv atistik ak amizman entèn san gwo danje yo kontinye rete fèmen nan rejyon sa a.
- An plis, enstwiksyon ki nan Dekrè Egzekitif 202.50 lan, ki te pèmèt pati komen anndan sant komèsyal acha an detay yo retounen ouvri nan rejyon ki te respekte endikatè prensipal yo preskri pou sante ak sekirite piblik ki nesèsè pou rantre nan Katriyèm Faz reyouvèti Eta a,

avèk dokiman sa a, li amande pou pèmèt pati komen anndan sant komèsyal acha yo kontinye rete fèmen nan rejyon Vil New York.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan venteyinyèm jou mwa

jiyè nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a